



PENILAIAN HARIAN BAHASA SUNDA

I. Pilih jawaban nu benarna!

Baca sajak ieu di handap!

LEMBUR KURING

Karya: Gilang

Éndah pisan lembur kuring
disawang ti kaanggangan
biru paul pagunungan
kasimbutan ku halimun

Pasawahan upluk-aplak
patani keur barangpelak
saban poé ngucur késang
engké panén bakal senang

Manuk-manuk ngahariring
dina tangkal dadap cangkring
deudeuh teuing deudeuh teuing
nungguan paré karonéng

Waas pisan lembur kuring
tempat éndah matak tingtrim
alam paparin Pangéran
kudu diriksa dijaréng

- Ceuk sajak di luhur, éndahna lembur kuring téh disawang ti mana?
 - ti kadeukeutan
 - ti kaanggangan
 - ti katebihan
 - ti kacaketan
- Kumaha kaayaan pasawahan di lembur kuring?
 - lega
 - upluk-aplak
 - heureut
 - biru paul
- Di mana manuk-manuk téh ngahariringna?
 - dina tangkal anu rimbun.
 - dina paré di pasawahan.
 - dina dangdaunan
 - dina dadap cangkring.
- Matak kumaha lembur kuring téh kana haténa?
 - matak tingtrim
 - matak nineung
 - matak betah
 - matak senang
- Naon dilakukeun ku patani téh?
 - nyawah
 - ngebon
 - barang pelak
 - ngucur késang

6. Dina sajak téh aya harti kobotatif. Harti konotatif sarua jeung
- | | |
|-------------------|------------------------|
| a. harti langsung | c. harti saujuratna |
| b. harti injeuman | d. harti sajalantrahna |
7. Kecap anu merenah keur ngalengkepan kalimah di handap....
"Apid ... waktu sukuna titajong kana batu seukeut."
- | | |
|------------------|--------------------|
| a. patinggorowok | c. ngagorowok |
| b. gogorowokan | d. garawak-gorowok |
8. Saméméh mondok, Yumna sok ... heula do'a.
- | | |
|-------------|--------------|
| a. maca | c. bucu-baca |
| b. babacaan | d. macaan |

9. Kecap *lembur* sarua hartina jeung kecap
- | | |
|------------|------------------|
| a. kampung | c. tempat cicing |
| b. désa | d. patempatan |
10. Kecap *dulur* sarua hartina jeung kecap
- | | |
|----------|-------------|
| a. batur | c. sobat |
| b. wargi | d. tatangga |